

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Nurutkeun Sugiyono (2019) nétélakeun yén métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun nyangkin data jeung tujuan sarta mangpaat anu tangtu. Ku kituna dina ieu panalungtikan kudu dumasar kana métode anu tangtu sangkan nyangking hasil anu saluyu jeung kaayaan anu sabernera.

Ieu panalungtikan kagolong kana panalungtikan kuantitatif. (Sugiyono, 2019) nétélakeun yén métode panalungtikan kuantitatif mangrupa panalungtikan anu data hasilna mangrupa angka -angka anu dianalisis ngagunakeun statistika. Ieu métode kagolong métode ilmiah lantaran bisa nyumponan kaídah-kaidah ilmiah anu kongkrit, émpiris, objéktif, kaukur, rasional, jeung sistematis.

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan desain panalungtikan, sumber panalungtikan, instrumén panalungtikan, prosédur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

3.1 Desain Panalungtikan

Désain anu digunakeun dina ieu panalungtikan mangrupa désain *one group pretest and posttest design*. Ku kituna ieu panalungtikan téh dimimitian ku méré *pretest* ka siswa anu satuluyna di béré *treatment* ngagunakeun média *desygner* pikeun ngalatih siswa dina nulis téks autobiografi anu satuluyna dipungkas ku méré *posttest*.

Tabél 3. 1
Desain Panalungtikan

<i>Pre-test</i>	<i>Treatment</i>	<i>Post-test</i>
O ₁	X	O ₂

(Arikunto, 2013, kc. 124)

Keterangan:

- O₁ : *pretest* (kamampuh siswa dina nulis téks autobiografi saméméh ngagunakeun média *desygner*)
X : *treatment* (ngagunakeun média *desygner*)
O₂ : *posttest* (kamampuh siswa sanggeus ngagunakeun média *desygner*)

3.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung taun ajar 2023/2024. Ieu sakola pernahna di Jl. Cihampelas No. 167, Cipaganti, Kecamatan Coblong, Kota Bandung, Jawa Barat 40131. saluyu jeung KIKD dina matéri nulis téks autobiografi. Ieu panalungtikan dilaksanakeun di kelas XI MIPA 1 SMA Pasundan 2 Bandung anu ngawengku 31 siswa, 20 urang awéwé jeung 11 lalaki.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan mangrupa tés tulis. Tés tulis digunakeun sangkan bisa mikanyaho kamampuh siswa dina nulis téks autobiografi saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *desygnér*.

Tabél 3. 2
Instrumén Panalungtikan

Soal *pre-test* jeung *post-test*

Wasta :

Kelas :


No Absén :

Pék jieun téks autobiografi luyu jeung katangtuan di handap.

- Ngagunakeun struktur téks autobiografi kalawan bener!
 - Ngagunakeun éjahan kalawan bener!
-
.....
.....
.....
.....
.....

3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah anu kudu dilakonan nalika ngalaksanakeun panalungtikan. Di handap mangrupa prosedur panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan.



Bagan 3. 1
Prosedur Panalungtikan

Anapon tahapan-tahapan di luhur baris dijéntrékeun di handap ieu.

- a. Idéntifikasi Masalah, tahap munggaran nyaéta néangan hal anu kudu bisa ditarékaan sacara ilmiah tur sistematis.
- b. Ngararancang Alur, tahap ieu panalungtik ngarumuskeun heula alur kucara ngarumuskeun hipotésis pikeun dijadikeun jawaban awal tur jadi dasar tina panalungtikan.
- c. Ngarumuskeun, tahap kaopat panalungtik ngieun instumén mangrupa soal téks pikeun digunakeun dina *pre-test* jeung *post-test*.
- d. *Pre-test*, dina tahap ieu panalungtik mikanyaho kamampuh siswa dina nulis téks autobiografi saméméh ngagunakeun média *desygnér*.
- e. N gagunakeun Média *Desygnér*, tahap kalima panalungtik méré stimulus mangrupa *treatment* kalawan ngagunakeun média *desygnér*
- f. *Post-test*, dina tahap ieu panalungtik ngukur deui kamampuh siswa dina nulis téks autobiografi saenggeus ngagunakeun média *desygnér*.

- g. Analisis Data, tahap ieu panalungtik ngolah hasil data saenggeus ngalaksanakeun *pre-test* jeung *post-test*.
- h. Kacidekan, tahap pamungkas panalungtik nyindekeun sakabéh hasil tina tahapan-tahapan saacanna anu satuluyna disusun ngagunakeun wangan skripsi kalawan sistematis.

3.5 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ku cara méré téis tulis ka siswa anu dilaksanakeun dua kali. Kahiji *pre-test* nyaéta téis anu dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis téks autobiografi saméméh ngagunakeun média *desygnér*. Satuluyna dilaksanakeun téis anu kadua nyaéta *post-test* mangrupa téis anu dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis téks autobiografi saenggeus dibéré *treatment* ngagunakeun média *desygnér*.

3.6 Analisis Data

Analisis data mangrupa kgiatan pikeun mariksa data hasil panalungtikan. Ieu kgiatan dilakukeun pikeun mikanyaho hasil kamampuh siswa dina nulis téks autobiografi saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *desygnér*.

Dina ieu nganalisis data dilakukeun sababaraha tahap pikeun mikanyaho hasil kamampuh siswa dina nulis téks autobiografi saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *desygnér*, diantarana:

- 1) Mariksa hasil siswa dina nulis téks autobiografi dumasar kana aspék-aspék saperi ieu di handap.

Tabél 3. 3
Kritéria Penilaian

Aspék Kamampuh Nulis	Nilai	Kritéria
Eusi	26-30	Hadé hartina maham pisan jeung nepikeun eusi kalayan lengkep.
	22-25	Cukup hartina maham jeung nepikeun eusi kurang lengkep.
	17-21	kurang hartina kurang maham jeung nepikeun eusi kurang lengkep.

Aspek Kamampuh Nulis	Nilai	Kritéria
Organisasi Eusi	13-16	Kurang hadé hartina kurang maham kana eusi jeung teu bisa nepikeun informasi kalayan lengkep
	18-20	Hadé hartina eusi dimekarkeun sacara jelas, struktur sistematis jeung lengkep, hubungan antar paragraph raket.
	14-17	Cukup hartina eusi dimekarkeun sacara jelas, struktura sistematis jeung lengkep, hubungan antar paragraph kurang raket.
	10-13	Kurang hartina eusi dimekarkeun kurang jelas, runtulan struktur teu sistematis tapi lengkep, hubungan antar paragraph kurang raket.
	7-9	Kurang hadé hartina eusi dimekarkeun teu jelas, struktura teu sistematis jeung teu lengkep, hubungan antar paragraph teu lengkep.
Diksi	18-20	Hadé hartina ngawasa kandaga kecap, ngan saeutik pilihan kecap anu kurang merenah.
	14-17	Cukup hartina kawatesanan kandaga kecap, saeutik kasalahan dina pilihan kecap
	10-13	Kurang hartina kawatesanan kandaga kecap, loba kasalahan dina pilihan kecap
	7-9	Kurang hadé hartina pangaweruh kandaga kecap asor, loba pisan kasalahan dina pilihan kecap jeung teu cukup pikeun diajénan.
Makéna Basa	22-25	Hadé hartina ngawasa pisan tata basa, ngan saeutik kasalahan dina makéna basa.
	18-21	Cukup hartina ngawasa kana tata basa, saeutik kasalahan dina makéna basa
	11-17	Kurang hartina kurang ngawasa kana tata basa, loba kasalahan dina makéna basa jeung nyusun kalimah.
	7-9	Kurang hadé hartina teu ngawasa kana tata basa, loba pisan kasalahan dina makéna basa nepi ka teu komunikatif.
Éjahan	5	Hadé hartina ngawasa pisan kana aturan nulis, jeung saeutik pisan kasalahan éjahan.
	4	Cukup hartina maham kana aturan nulis jeung saeutik kasalahan éjahan
	3	Kurang hartina kurang maham kana aturan nulis jeung loba kasalahan éjahan.
	2	Kurang hadé teu maham kana aturan nulis, loba pisan kasalahan éjahan.

Nurutkeun Hartifeld (dina Kuswari, 2010, kc. 183 kalawan diropéa)

Tabél 3. 4
Skala Peunteun Nulis Téks Autobiografi

Skala	Katégori
76-100	Hadé
60-75	Cukup
40-59	Kurang
1-39	Kurang pisan

(Nurgiyantoro, 2001, kalawan diropéa)

- 3) Méré peunteun jeung nganalisis hasil *pretest* jeung *posttest* nulis téks autobiografi, kalawan ngagunakeun rumus saperti di handap:

$$\text{Penteun} = \frac{\text{skor kahontal } (A+B+C+D+E)}{\text{skor maksimal}} \times 100$$

- 4) Ngasupkeu peunteun kana tabél saperti ieu di handap:

Tabél 3. 5
Format Peunteun Nulis Téks Autobiografi

No Absén Siswa	Apék Nulis Téks Autobiografi					P	Katégori		
	Struktur Téks		Kaéda Basa						
	A	B	C	D	E				
Σ									
X									

Keterangan:

- A = eusi
- B = organisasi eusi
- C = diksi
- D = makéna basa
- E = éjahan
- P = peunteun
- Σ = jumlah skor
- X = rata-rata

- 4). Sanggeus bérés nyindekeun hasil panalungtikan, satuluyna ieu panalungtikan disusun kalawan sistematis dina wangan skripsi.

3.6.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data dilakukeun pikeun mikanyaho normal atawa henteuna data dina ieu panalungtikan. Dina uji sipat data ngawengku kana uji normalisasi jeung uji homogénitas. Dina ieu panalungtina, data diolah ngagunakeun aplikasi *SPSS (Statistical Product and Service Solution)* PASW versi 20.

3.6.1.1 Uji Normalisasi

Uji normalisasi dilakukeun pikeun mikanyaho normal henteuna data nu digunakeun dian ieu panalungtikan. Dina nguji data aya sababarah métode diantarana *Kolmogorov-smirnov* atawa *Shapiro-WilkI*. Hipotésis pikeun uji data saperti ieu di handap.

H_1 : distributor data normal

H_0 : distribusi data teu normal

Uji normalisasi dina ieu panalungtikan dilakukeun ku cara ngagunakeun métode *Shapiro-wilk* lantaran data kurang ti 50, kalawan ngagunakeun kritéria saperti ieu di handap.

H_1 : ditarima, saupma nilai signifikan (sig) $> 0,05$

H_0 : ditarima, saupma nilai signifikan (sig) $< 0,05$

3.6.1.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas mangrupapa uji data au dilakukeun pikeun mikanyaho dua atawa leuwih kelompok data sampel asalna tina populasi anu miboga varian anu sarua. Dasar pikeun nyokot kaputusan pikeun nguji data ngagunakeun uji homogénitas saperti ieu di handap.

1. Nilai signifikan > 0.05 nunjukeun yén kelompok data asalna tina populasi kalawan miboga varian anu sarua.
2. Nilai signifikan < 0.05 nunjukeun yén kelompok data tina populasi kalawan miboga varian anu teu sarua.

3.6.2 Uji Hipotésis

Dina uji hipotésis, bisa ngaliwatan dua cara. Upama hasil uji normalisasi nunjukeun yén hasil data anu distribus normal, éta data diuji ngagunakeun *Statisc*

Paramethic kalawan ngagunakeun *T-test*. Upama hasil uji normalisasi nunjukeun yén data anu distribusina teu normal, éta data diuji ngagunakeun *Statisc non-paramethic* kalawan ngagunakeun *Wilcoxon Match Parid Test*. Dasar pikeun nyokot kaputusan ditarima atawa henteuna hipotésis, dumasar kana kritéria saperti ieu di handap.

- (H₁) hipotésis alternatif : aya béda anu signifikan anatara kamampuh dina nulis téks autobiografi saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *desygnér* ka siswa kelas XI MIPA 1 di SMA Pasundan 2 Bandung taun ajar 2023/2024.
- (H₀) hipotésis nol : henteu aya béda anu signifikan anatar kamampuh dina nulis téks autobiografi saméméh jeung saenggeus ngagunakeun média *desygnér* ka siswa kelas XI MIPA 1 di SMA Pasundan 2 Bandung taun ajar 2023/2024.